Mbootaay ngir yokkute làkku Wolof ci Réewu lislaam bu Muritani (APROLAWORIM)

Mbootaay dekkal Pulaar ci (FBPM) ci réewu Lislaam bu Muritani (ARPRIM)

Mbootaay Muritani ngir yokkute làkkak Aada ak cosaanu (AMPLCS)

Lëkkaleg mbootaayi aada ak cosaan, Pulaar, Sooninke, ak Wolof (ARPRIM, AMPLCS, APROLAWO) mungee topp bu baax wax ji am, jëm ci làkk yi ñuy jëffandikoo ca ëttu ndawi réew mi. Mbootaay yii kenn mësuleen jiitu ci xeex ngir làkki réew mi yepp ñu nangu leen, yoonal leen, te di leen jëfandikoo ci bepp fànni dundu réew mi. Koon mbootaay yi, mënuñu ludul rafetlu yokkute bu rëy bi am, te mu di duggub Pulaar Sooninke ak Wolof ca ëttu ndawi réew mi, mu màndargawoo tekki lepp luñu wax ci diggante ñeenti làkki réew mi (Arab, Pulaar, Sooninke, Wolof). Waaye lëkkaleg mbootaay yi jàpp na ni loolu doyul, ndax tekki bi mungee am ci Arab jëm ci yennen làkk yi ak ci yennen làkk yi jëm ci Arab, diggante 3ti làkk yi (Pulaar, Sooninke, Wolof) tekki amuci.

Ganaaw loolu, xët yi ñuy liggéeye ca ëttu ndawi réew mi, ci Arab ak Faranse la ñu leen bind, gën na rafet ñu tekki leen, bind leen ci làkki réew mi yepp. Noo ngee ñaan ndawi ëttu réew mi, ñu saafara jàfe – jàfe yooyu ci nu mu gëna gaawe ngir duggub làkki réew mi ca ëtt ba gëna am maana.

Noo ngi leen di fàttali itam ni, su fekkee ni duggalub làkki réew mi dëppoo na ak aqu ku nekk ci degg li ñuy waxtaane, xam li mu wund, teleb ëttu ndàwi réew mi bi, wàr na ubbeeku ci làkk yepp, ku nekk gis ci boppam. Li gënati, mooy yoonalkat yi, di ndawi réew mi am nañu sañ – sañu indi ay copite ngir yoonal làkki réew mi yepp (pulaar, sooninke, wolof), duggal leen ci njàng mi ndax bepp doomi réew mi am aq ci dund ni mu ka bëgge, jëmmal li mu bëgg ci ormaal wuuteb caada.

Lëkkaleg mbootaayi aada ak cosaan